



## BREVARD PUBLIC SCHOOLS

### Konsantman Paran pou Pibliye Enfòmasyon Pèsonèl Elèv pou Ranbousman Medicaid

Ranbousman Medicaid la ede distri eskolè a finanse depans pou edikasyon espesyal, sèvis ki lye avèk yo, ansanm ak nenpòt lòt sèvis Medicaid otorize. Distri eskolè nou an vle mande ranbousman pou kèk sèvis nou bay timoun ou an, grasa aksè nan Medicaid. Nou dwe jwenn konsantman reflechi ou alekri nan objektif pou nou pibliye kèk enfòmasyon ki lye ak demann ranbousman Medicaid la.

#### Sèvis Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP)

Lwa 2004 konsènan Edikasyon Pèsonalize pou Moun ki gen Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) bay distri eskolè yo otorizasyon pou mande ranbousman nan Medicaid pou sèvis yo bay nan lekòl yo (Tit 34, seksyon 300.154(d)(2)(iv)(A)-(B), Code of Federal Regulations [CFR]).

#### Sèvis ki Pa IEP

Epitou, distri eskolè yo gen otorizasyon pou mande ranbousman nan Medicaid pou sèvis yo bay selon règ Medicaid sou Kòd Administratif Florida a pou sèvis abaz eskolè yo (règ 59G-4.035).

#### **Bay oswa refize bay konsantman (tanpri, li, mete inisyal, siyen epi mete dat anba paj la):**

**Mwen konprann epi m bay konsantman** pou distri eskolè a pataje enfòmasyon sou timoun mwen an ak Ajans Medicaid Eta a (State of Florida Agency for Health Care Administration), ajan fiskal li a ansanm ak ajan faktirasyon Medicaid pou distri eskolè a oswa fasilite faturasyon distri eskolè a, yon fason pou verifye kalifikasyon pou Medicaid, pou mande ranbousman Medicaid epi reponn demann odit ak revizyon ki lye ak sèvis yo bay timoun mwen an. Mwen konprann mwen kapab retire konsantman pou pibliye enfòmasyon pou ranbousman Medicaid la nenpòt lè. Mwen konprann si mwen refize bay konsantman oswa si mwen retire konsantman an, distri eskolè a ap kontinye bay timoun mwen an tout sèvis ki nesèsè yo gratis, yon fason pou timoun nan resevwa yon edikasyon ki apwopriye, sou baz 34 CFR § 300.154(d)(2)(v)(D) oswa lòt sèvis yo bay andeyò IEP. Si ou retire konsantman an, li ap antre an vigè nan dat ou retire li a epi nou p ap pibliye okenn enfòmasyon apre dat sa a.

Nan enfòmasyon nou ap pataje yo kapab gen non timoun nan, dat nesans li, adrès, prensipal edikasyon espesyal pou andikap (si sa nesèsè), nimewo idantifikasyon Medicaid Florida, ansanm ak kalite epi kantite sèvis sante yo te ba li a, san wete kantite èdtan ak dat yo te bay sèvis yo. Nan sèvis yo kapab gen sèvis èd pou kominikasyon, sèvis terapi fizik, sèvis ègoterapi, sèvis òtofonik, sèvis terapi oditif ak lengistik, sèvis konpòtmantal ki gen ladan sèvis konsèy ak travay sosyal, sèvis transpò ansanm ak sèvis swen yo.

Nan dosye pou pibliye oswa echanje yo kapab gen IEP yo, dosye evalyasyon ak kalifikasyon yo, dosye ak rejis sèvis terapi ki lye, rejis transpò, nòt sou pwogrè ki fèt ansanm ak rapò oswa dosye swen.

**Mwen konpran epi mwen PA bay konsantman** pou distri eskolè a pataje enfòmasyon sou timoun mwen an yon fason pou verifye kalifikasyon nan Medicaid, pou mande ranbousman nan Medicaid epi pou respekte demann odit ak revizyon ki lye ak sèvis yo bay timoun mwen an.

**Siyati Paran / Responsab Legal:** \_\_\_\_\_ Dat siyati: \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

Non Paran/Responsab Legal (ak lèt detache): \_\_\_\_\_

Non Elèv la (ak lèt detache): \_\_\_\_\_

Idantite Elèv la \_\_\_\_\_ Dat Nesans Elèv la (ak lèt detache): \_\_\_\_\_